



THE CITY OF NEW YORK
OFFICE OF THE MAYOR
NEW YORK, NY 10007

POU PIBLIKASYON IMEDYAT

15 janvyè 2010

Nimewo 21

www.nyc.gov

**MAJISTRA BLOOMBERG AP ANREJISTRE ANONS SÈVIS PIBLIK POU
ANKOURAJE DON POU SIPÒTE EFÒ SEKOU POU AYITI**

*Apèl sou 311 ki te Adrese pou Mayor's Fund Te Ranmase Plis Pase \$325,000 pou Viktim
Tranblemanntè a*

Majistra Michael R. Bloomberg te fè konnen jodi a yon nouvo anons piblik ap ankouraje anpil don nan efò sekou nan tranblemanntè a. Li te anonse tou gras ak apèl sou liy 311 ki te adrese pou *Mayor's Fund to Advance New York City*, plis pase 1,400 donè te fè don pou plis pase \$325,000. Kantite lajan yo ranmase ap vin pi plis chak èdtan san yo pa kontwole don moun voye pa lapòs yo. Mayor's Fund ap voye 100 pousan don sa yo pou òganizasyon sekou pou ijans k ap sèvi viktim tranblemanntè Ayiti a. Y ap voye dons a yo tou pou Lakwa-Wouj Ameriken ak Medsen san Fwontyè. Don yo fè nan Mayor's Fund sòti nan tout senk (5) minisipalite ak kote ki lwen tankou vil Tokyo.

Majistra Bloomberg di konsa: “Mwen sezi wè bann ak pakèt sipò Nouyòkè yo bay.” “Nouyòkè yo genyen bon kè, epitou nou tout afekte nan trajedi ki fèt ann Ayiti a. Nouyòk genyen yon koneksyon sere avèk Ayiti epitou nou konprann pou kisa anpil Nouyòkè yo vle sipòte viktim yo. Don an lajan kach pi bon pase machandiz, mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo rele 311 pou yo fè yon don jodi a.”

Byen bonè jodi a, nan emisyon radyo Majistra a fè chak semenn, limenm ak Pòtpawòl Konsèy la, Christine C. Quinn te anonse anplwaye Minisipalite vil la ap anmezi pou rezève chèk peman yo dirèkteman pou ede efò sekou nan katastwòf ayisyen an. Nan peryòd peman anplwaye k ap kòmanse dimanch maten, 17 janvyè, anplwaye yo ap genyen chwa pou voye lajan pou efò sekou ayisyen nan Mayor's Fund.

Ou kapab voye kontribisyon ou pa lapòs nan: Mayor's Fund to Advance New York City, One Centre Street, 23rd Floor, New York, NY 10007 (nòt: Haiti Relief) oswa sou Entènèt nan sit wèb www.nyc.gov/fund oswa si w rele 311. Lè ou deyò vil Nouyòk, ou kapab rele 311 si w konpoze nimewo (212) NEW-YORK.

Mayor's Fund ap aksepte apèl pandan tout wikenn lan epitou pandan jou ferye lendi a. Mayor's Fund se yon òganizasyon 501(c)(3) ki pa fè pati gouvènman. Ou kapab fè dediksyon tout don yo nan taks ou.

Tèks Anons pou Sèvis Piblik

“Mwen se Majistra Mike Bloomberg. Kokennchenn soufrans ann Ayiti a touche tout kè. Epitou n ap mande: Kijan mwen kapab ede? Repons lan: Fè don lajan kounye a.

“Rele 311, oswa si ou deyò senk (5) minisipalite a, rele 212 NEW-YORK. Oswa fè don an depi ou ale nan sit wèb Minisipalite a: nyc.gov/fund. N ap asire 100 pousan kontribisyon ou rive kote li pral fè pifò byen, touswit.

“Pou moun ki bay deja: Mèsi. Epitou pou vwazen Ayisyen-Ameriken nou yo, nou di: Nou ave'w. *We are with you.*”